

REGIPIOEN LENGGANAN

SWARA - TAMA :

Table with 2 columns: Price and Quantity. Includes items like '1 taoen', '1/2 ..', '3 woelan', and 'Kénging mbajar saben woelan'.

RAGAD ADVERTENTIE :

Table with 2 columns: Price and Quantity. Includes items like '1 katja', '1/2 ..', '1/4 ..', 'Saladjengipoen', 'sekedik - kedikipoen', 'Kabar premili alit-alitan', and 'Moendoet kapatjak langkoeng saking sapi-san'.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

Hoofdredacteur:

A. DJAJASEPOETRA.

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

Adresipoen Redactie lan Administratie

IGNATIUS-COLLEGE

DJOKJAKART

Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius“ Djokja.

PETITIONNEMENT

(Panjoewoenan oemoem)

NJEGAH PERANG.

Ing Sw. Tm. ngriki sampoen naté dipoenwartosaken, bilih tijaing Néderland sampoen ngwontenaken Petitionnement njegah perang, ingkang angsal-angsalanipoen tapak asta ladjeng dipoenladosaken dateng Volkenbond ing Genève.

Redaksi tampi serat saking Komité Panjoewoenan oemoem ing Betawi. Djawinipoen makaten :

Dèrèng lami poenika ing Betawi sampoen madeg Komité, ingkang maksoedipoen ngwontenaken Petitionnement (Panjoewoenan oemoem), ingkang badé ladjeng kaladosaken dateng ing koprensi-njegah-perang ing Genève, bédjng woelan Pébroewari ngadjeng poenika. Komité poenika dipoenajomi Ingkang Witjaksana Goepnoer Djéndral. Pangarsanipoen: Prof. Mr. van Kan; warga-warganipoen: Mr. Dr. G. G. van Buttingha Wichers, R. A. A. Djadinigrat, B. F. Hagenzieker, Mr. Phoa Liong Gie, L. H. W. van Sandick; kanggé N. I. Vereeniging voor Volkenbond en Vrede: Njonja L. de Waart-Hollenbach; kanggé N. I. Vredesfederatie: Ir. H. E. Ch. Poortman; kanggé afdeling N. I. Vrouwen Wereldbond voor den Vrede: Njonja H. J. V. O. Kluit-Kelder; kanggé Rotary Club Betawi: Dr. P. van Hulstijn.

Konprènsi-njegah-perang ing Genève, bédjng Pébroewari 1932 poenika oegi badé namtokaken antjer-antjering kemadanganipoen sandinding djagad. Ingkang poenika Komité njoewoen dateng sadaja golongan ingkang manggèn ing tanah ngriki, kaparenga napakastani serat Petitionnement (panjoewoenan oemoem), ingkang sakedap engkas badé kawradinaken. Margi napakastani serat waoe, pandjenengan kaanggep ambijantoe oegi, soepados konprènsi waoe wohipoen saged adamel saéning sesambetanipoen sadaja bangsa sadjagad, langkoeng-langkoeng kanggé tanah ngriki. Toedjoenipoen Komité ngwontenaken panjoewoenan poenika perloe ngijataken panjoewoenanipoen sadaja parté-parté politik ing Néderland ingkang sampoen kaladosaken loemantar serat-serat kabar.

Warganing Komité sami bédabéda antjasipoen. Dados Komité boten ngandoet babar pisan antjas politik poenapa kémawon. Sanadjana warga Komité wonten ingkang kosok wangsoel ing pamanggih, éwasamanten saged njamboet damel sami sesarengan anggajoeh sedy waoe, i.p. ambijantoe, soepados konprènsi-njegah-perang kelampahan saged njakaken kawontenanipoen ing ngalam donja ing wekdal samangké.

Komité boten pisan-pisan gadah pangadjeng-adjeng, bilih margi

ichtijar poenika sadaja pradja ladjeng sami njoewaka sadaja dedamel perang; lan malih boten pisan-pisan badé tjawé-tjawé toemoet tjampoer babagan angekahi Hindia Welandi manawi tinempoeh ing mingsah, rembag kakijatanipoen wadya bala ing ngriki lan rembag sanès-sanèsipoen ingkang wonten. Nanging sadaja tijaing kinten-kinten ngleresaken pamanggihipoen Komité, i.p. kawontenanipoen dedamel lan teknik militèr ing wekdal samangké boten namoeng ambebanjani katentremaning donja, nanging oegi nelas-nelasaken arta katah sanget, ngantos kekijataning ékonomi kita kadeseke.

Komité ngleresaken oegi tijaing ingkang gadah pamanggih, bilih Néderland lan Hindia boten ladjeng teroes kémawon ichtijar njoewak sendjata perang. Lan Komité inggih boten ambantah tijaing ingkang gadah pamanggih aloewoeng boten nglawan mingsah tinimbang manggih sangsara saking perang. Nanging Komité jakin, bilih boten wonten tijaing satoenggala kémawon ingkang natjad pamanggihipoen, jèn perang poenika satroening kaboeididajan lan adab, poenapa déné ngrisakaken sadaja karohanèn lan kadjasmanèn. Komité badé toemandang sasaged-sagedipoen noeloengi, soepados risaking ékonomi sadonja ingkang margi sikeping perang sadaja negari — sanadjana boten andjalari perang saestoe — sageda poelih saé malih.

Komité inggih ngertos, bilih ing hab poenika Hindia dajanipoen boten sapintena. Nanging poenika rak boten badé ngalang-alangi anggèn kita nedya badé njoekakaken kekijatan kita kanggé ing prakawis poenika. Sadaja boedi-daja kita dèrèng temtoe angsal kasil, nanging rak prajogi dipoentjebi. Kita jakin bilih swanten kita mesti badé kapireng, sanadjan namoeng oengelpoentok.

Sakedap engkas pandjenengan badé tampi serat isi kados idam-idaman kita waoe. Moegi karsaa napakastani.

Sinten ingkang kapéngin rahadjeng lan madjenging bangsa — nanging sinten kémawon ta ingkang boten kapéngin? — mesti ambijantoe dateng aksi kaseboet. Langkoeng-langkoeng kanggé kita golongan Katoelik, ingkang sampoen mireng oegi poenapa ingkang dipoenkarsakaken Bapa-baboe kita, K.S. Bapa, Benedictus XV lan Pius XI. i. p. katentreman, mesti badé énggal napakastani.

Amila, Manawi serat waoe sowan sampoen ngantos kawangsoelaken awoedjoed blanco!

ipoen kantja tani; mitra koela waoe mawi tjarijos: jèn kapengkok pan-tja-baja, mas, tjara satrija mertapa, jèn tjara wong ora-njatrija gelem atindak nista; ing mangka papan panggonankoe kéné greneng lan groendelé kantja tjilik wis sarwa ora kapénak, moela jèn salah kedadèn mbilaèni.

Makaten soeraosing seratipoen mitra koela waoe . . . kala taoen kapengker! Mangka wiwit rikala samanten ladjeng ndlidir kémawon datenging baita saking sabrang mangsoelaken kantja kontrakan.

Jèn maos Siang Po, ingkang kapimpin toewan Saéroen, saja ngeres malih, ing Prijangan wonten koeli kapotjot saking pandamelan, let sawatawis minggoe oetawi woelan, rehéné kantja padaran saja „boten narimah“ . . . ladjeng wentala njadé sémahipoen . . .

Taksih katah sanget kelampahan ingkang ngeres-eresi ingkang koela tingali ing kolemaning serat-serat kabar . . .

Het Nieuws mentas ngorak-arik lelampahan kakalih ingkang pinanggih ing madyaning gesang pasrawoengan Indonesia.

Sapisan bab „mlèsèd - mlèsèd pijambak“ ing bawah Soekaboemi. Awit ngriki wonten djaksa poenapa hoep-djaksa seneng koetjing, kapriksa kaping kalih . . . kalis, boten kapang . . . lepatipoen, kaping tiga ketjandak, margi arta dendan katah ingkang boten mlebet ing . . . Landskas.

Bab poenika kaobrak-abrik wonten ing Het Nieuws margi soewaoe wonten ingkang maiben lan kirang nrimah déné djaksa anoe oetawi hoep-djaksa anoe kapotjot poenapa kados-poendi, lah, watak Het Nieuws, boten awrat ngorak-arik djagad kita, ladjeng kaeklakaken sawantahipoen, andjalari awoning kantja kita-katingal ngégla-égla, . . . mila tijaing sinaoe „kèndel“ poenika angèl, oepami kabar ing Het Nieuws boten kapaiben, boten badé ngombra-ombra 2 kolek kebak ratjikan . . . hm, botem sekétja.

Makaten oegi Het Nieuws mentas ngobrak-abrik kawontenan Indramajoe babagan kapolisèn: B.B. contra poelisi. Margi sepion poelisi kapisakit déning As. W. lan sagolonganipoen, andjalari kita kelip-kelip malih, roemaos kawirangan, toer njata.

Mila djagadipoen saja ramé. Poenika waoe sadaja namoeng ngamini karangan ing podjokan Swara-Tama ngriki ingkang soeraosipoen: „adja demen mlèsèd - mlèsèd, jèn keplèsèd jaja temenan! Sedy-Tama mentas ngabaraken mantri goeroe nggeblas tilar gelanggang margi risi karoe-boeng lemoet „oetang.“

Para maos mbokmanawi moemet midangter rerontjèn ingkang sarwa boten étja, mila mangga radi manah bab sanès, bab mantja pradja soepados panggalih radi loedang.

Pergerakan nasional saja ngangseg, sawenèh bengok-bengok ngémplok kjai Rivai anggèné nggentong oemos, . . . pers ingkang ngoedi langgengé pangowaos ngamantja wonten ngriki nggembori Prof. Schepper déné koemawani memihak Indonesia. Dados poer.

Makaten oegi ing Itali, aksi anti Fascisme boten telas-telas, saking pihak Fascisme ada njentosani saja dipoentemenani, kanggé sedijan para ambtenaar dipoenwonteni serat kabar énggal: Forze Civili, ing serat kabar ngrikoe harja Mussolini nggembori balanipoen, para ambtenaar, dèn tatag, dèn toememen, kowé ikoe sesoelihiing pradja!

Tindak nggembori para kawogan maréntah ing Indonesia ngriki: De Rijkseenheid. Kala warti poenika tlatos sanget manti-manti para ambtenaar, awak-awak pradata iss. lan jèn saged „ngemong“ kantja boemi-poetera, dados kepara tindak mbapa.

Poenapa ingkang sami kawanti-wanti sami manoe, kirang terang, namoeng njata bilih tindakipoen De Rijkseenheid sadjadar kalijan aksi Natasoeratan: nglanggengaken sasambetanipoen Indonesia lan Néderland.

Kita kaoem Katoelik Djawi ngeng-

koki bilih saben bangsa wenang ngerèh badanipoen pijambak, mila gadah P. P. K. D.

Bab padagangan oetawi panggaotan?

Ing sapoenika ingkang koela peleng ningali bab panggaotan film, dados boten film-ipoen saé oetawi boten, ster anoe ndjedjak oetawi boten, nanging: kados-poendi tradjanganipoen tanah mantja ngrebat peken-film wonten Indonesia.

Bab poenika tetéla ing angka-angka ngandap poenika, koela tjoeplik saking Sedy-Tama, déné Sedy-Tama, njoeplik saking poendi, kita boten perloe ngertos.

Salebetipoen taoen '30 tanah ngriki kalebetan film gambar sorot goenggoeng kempal pandjanganipoen 2.320.269 mèter. Ingkang katoelak 49.857 mèter. Amerika nglebetaken 1.825.277 mèter. Tiongkok 270.723 mèter. Indonesia 99.149 mèter. Djepang 7.092 mèter, nagari Walandi 7.023 mèter. Djerman 111.605 mèter.

Lah, nginggih poenika tjoeplikan Sedy-Tama. Terang jèn Itali lan Perantjis boten kotjap, lan Amerika mèh ndèpani sadaja, awit mèh 2 mlijoen mèter. Djerman klebet digdaja 111.000 mèter. Indonesia mèh 100.000 mèter.

Dados Indonesia klebet sakedik sanget, namoeng menang kalijan Djepang lan nagari Walandi. Bab poenika oegi andjalari kirang seneng malih: nggoné déwé ora doewé film déwé.

Nanging jèn dipoenpabeni: ah, panggaotan film rak malah gawé roesak, inggih sokoer. . . .

Mangsoeli malih bab getering djaman . . .

Mila perihing padaran ageng prebawanipoen . . .

Mangga para maos koela atoeri damel pengangen-angen:

Tijang sekèt èwoe arak-arakan . . . oelat mrengoet . . . katah ingkang ngezegem séla . . . ROTI apa GAWÉAN!! . . . makaten pambengokipoen wongsal-wangsoel . . . mergi dados peteng . . . tijang soegih kekes . . . tjandéla toetoep . . . kori sami minep . . . brandkas kinoentji . . . tijang grija pinggir margi boten njaloemik, adjrih . . . arak-arakan 50.000 teroes, dldir . . . ROTI apa GAWÉAN!! makaten pambengokipoen wongsal-wangsoel . . . ler . . . wonten séla maboer dateng ting margi: krompjang . . . beling rontog, dor! wonten tjandéla kasamber séla . . . glondang! kori ketoemboek brangkal . . . ROTI APA GAWÉAN . . . makaten pambengokipoen . . . tijang 50.000 ndlidir mlampah, pating brekoeh, pating gedebeg . . .

Mangka poenika waoe sadaja NJATA!!

KELAMPAHAN SAESTOE!!

wonten? Glasgow, ing tanah Inggris . . . hara, poenapa boten memelas??? sekèt èwoe, pating brekoeh, èngetan roewed . . .

Mila jèn De Rijkseenheid moengel „het Westen lijdt meer dan het Oosten“ . . . sadjak kok wonten méntjokipoen . . .

Héraclitos.

ISINIPOEN.

Petitionnement — Horeging boemi — Sambet rembag bab goewa Lourdes ing Kalibawang — Film Djakarta — Medari — Sléman — Kabar Pasoendan — Bab denis — Ngadjengaken ekonomining bangsa — R.K.D.B. Contra Dahana — Goentingan pers — Pangandika dalem K.S. Bapa Pius XI — Watjana manéka warna — Oerap-sari — Correspondentie.

GOENTINGAN PERS.

„Bahagia“ boten ngantoe!

Ing ngandap poenika goentingan saking „Bahagia“:

Propaganda Katolik.

Tak lakoe

Kaoem Katolik gemar betoel berpropaganda di desa-desa.

Demikian maka desa Najoe onderdist. Kasihan kidoel telah kedatangan doea orang pastoor bangsa Djawa. Mereka ini membawa premen dan kembang goela, karena bermaksoed memikat anak-anak. Di desa itoe kedoea pastoor teroes tjari roemah pak loerah. Tetapi kebetolan ta' ada dan mereka diterima oleh tjarik desa. Tapi setelah tjarik lihat beberapa banjak anak jang hendak mendekati pastoor-pastoor itoe teroes ia soeroeh mereka poelang tidak boleh masoek kristen, katanja. „M“.

Maos pakabaranipoen „M“ kados ingkang kaseboet . . . poenika tijaing, ingkang nina udu ar anti Katoelik, bokmanawi ladjeng tjikrak-tjikrak kanti ngowoeoh-oewoeh: goed zool soekoer! soekoer bagé sèwoel! Boten kraos, jèn tjikrak-tjikrakipoen waoe saged kejelik margi wonten kantilan „katanja“ Nanging sinten kémawon menawi maos kabar ingkang „njenengaken“ kados makaten poenika mawi ngémoeti dateng temboeng tigang wand „katanja“?

Gotrah Katoelik, jèn maos pakabaran kaseboet, agakipoen mesti ladjeng mèssem semoe maiben: Hm, ana-ana baé!

„Bahagia“ ngewrat pakabaran poenika, nanging mawi ngantèni noot:

Kalau kabar ini benar ma . . . toehlah pernyataan diatas j . . . kataan „Tak lakoe“ itoe.

Boekan tidak lakoe, kan dirintangi akan lakoe Perboeatan kastrojakah ini?

Red.

Koela boten badé mewahi poenapa-poenapa malih.

SAMBET REMBAG GOEWA LOURDES KALIBAWANG.

Kados ingkang sampoen tjine wonten ing Sw. Tm. no. 46 woelan November poenika; pantjé inggah ngèl sanget kanggénipoen wat Djawi, badé angedalaken raosipoen ingkang sadjatosisipoen saben tjara anggadhahi, lan kerep ngalami. Ananging bokmanawi dangoe-dangoe margi kabekta ing kawontenan . . . tawi oebenging djaman, inggah éwah: Oepami: Koela badé g . . . mel; ladjeng koela gadah pat . . . „sing sapa arep teka prajoe lajang disik“ Raos koela makaten poenika angèl k . . . poen djaman wingi-wingi . . . anglairaken, boten saged k . . . Ananging kanggé sapoenik . . . radi toemindak lan saged . . . amargi watak ora t . . . saja tjeta langkah ing ng . . . Samanten oegi ing bab . . . lihanipoen Pastoor Satima . . . Lourdes ing Promasan, gegan . . . kalijan boten wontenipoen . . . oetawi waroeng, djer panjerat sa . . . poen naté njipati pijambak . . . Poen panjerat toemoet a c . c . . . teteg raos badé ngawontenaken . . .

Sampoen soepé ngintoennaken arta lengganan

Advertisement for school and boarding house: 'Sampoen kasedijakaken papan pondokan kanggé laré èstri ingkang sekolah. Sinaoenipoen dipoenelat - oelataken sarta dipoentoentoen. Wragad mondok lan neda: f 15.— HARDJADININGRAT GOENOENG-KETOER — PAKOEALAMAN — NGAJOGJAKARTA.'

PRADJA RAHAJOE.

HOREGING BOEMI.

„Je trembe à vous le dire“ akoe ndredeg jèn ngandakaké prakara ikoe marang kowé, — makaten oekara ingkang pinanggih ing boekoe tembang goebahanipoen Corneille, poedjangga Katoelik misoewoer ing Perantjis kala abad 17, . . . makaten oegi soeraosing Sedy-Tama ingkang koela adep sapoenika lan wingi-wingi. Ing Sedy-Tama ngrikoe, temtoe kémawon ringkesan tilgram-tilgram lan serat-serat padintenan sanès, saged soemerep kados-poendi andoeloeripoen koeli wangsoelan saking tanah sabrang, ing mangka ngriki pijambak sampoen saja ngrekaos, tjetjebi saja ageng. Kala taoen kapengker prijantoen, koela tampi serat saking mitra koela ingkang manggèn ing doesoen, serat waoe sampoen soeka gambar kados - poendi mlinderé poendak-

ja pasipangan poenika-soekoer saged damel ingkang saé lan boten ngoetjira, djer poenika kanggé kabetahan oemoem, botenipoen inggih namoeng rebat tjekap.

Ananging . . . , mangga sami dipoengalih, kados poendi sagedipoen ngedegaken grija, enz. jèn boten wonten artanipoen. Nanging jèn kita saroejoek lan kersa temtoe badé dados. Gotong rojom weroeh-weroeh wis magrong-magrong.

Koela ndèrèk tjeloek poenika, amargi sampoen naté njipati, boten namoeng sadèrèk ing Jodja, Moentilan, Mendoer, kémawon ingkang soedjarah mrikoer, dalasan saking Soerabaja, Blitar, inggih wonten.

Boten namoeng sadèrèk Djawi kémawon, sadèrèk Walandi oetawi Tionghoa inggih wonten.

Saking pamanggih koela, kados prajogi bab poenika kagalih. K. W. Bara, djer pantjen sampoen samesintipoen.

Mangga P. K. W. oetawi K. W. W. K. lan sadèrèk Katholiek, karsaa anggalih. Taklim. Kantjil.

### FILM DJAKARTA.

P.P.K.D. mentas kémawon parepatan nilar Militair-Tehuus ing Kramat, wonten ing Kebonsirih. Warganipoen mindak sawatawis, namoeng éman déné kantja Menado wiwit P. P. K. D. madeg doemoei sapriki dèrèng ngatingal, nanging sawatawis sampoen wonten ingkang dados warga.

Bab poenika bokmanawi taoen ngadjeng badé wonten bédanipoen, samangsa . . . pangrehipoen sampoen gantos? Kénging kémawon!

Kantja wanita bokmanawi inggih wonten ingkang badé mlebet nggeboer ing kalangan P.P.K.D.

Sadèrèk H. J. Patrem bokmanawi karsa manggalih bab poenika? Kasoewoen.

Babagan sadèrèk H. J. Patrem, bokmanawi kala pijambakipoen ngarang bab „Tom”, kléntoe kalijan prijantoen sanèsipoen!

Awit boten mokal jèn wonten tjang 2 oetawi langkoeng ingkang sami namanipoen. Kados déné ing Moentilan kabariipoen wonten prijantoen (goeroe) 3 ingkang sami asmanipoen!

Semoenipoen sadèrèk H. J. Patrem blereng kléntoe „Tom” sanèsipoen. Awit gawat babagan journalistiek poenika, marginipoen mbinggoengaken. Ing mangka sadèrèk H. J. Patrem dèrèng mlebet „C. C. Djakarta” boten mokal jèn saged kléntoe babagan oebed-ingering „bal masque journalistique.”

Bab R.K.D.B. kados loemampah kados adat, parepatan adjeg rengeng, . . .

Bab uitverkoop?

Poenika nggoemoedjengaken sanget, réhné rebat laris, katah toko lamel uitverkoop palsion, sarta warni-warni sanget oekara ingkang kaanggé: uitverkoop, liquidatie uitverkoop, djoel abis, werkelijk uitverkoop!

Oekara ingkang poengkasana poenika loetjoe sanget, batos koela: apa saiki iki mangsa malès, apa mangsané wong gawé loetjon!

Bab mhéntèq?

Bab poenika pandjang sanget, arereng sanès dinten kémawon. Jang panggaotan koela kemoet-regining kartjis bus badé kaken. Trèm kadamel panggah.

Moetipoen taoen 1930 Batawische Verkeer Mij oetawi B.V.M. ngangkat tjang 1000.000. Tjjang samanten waoe 800.000 kaangkat srana trèm, 200.000 srana bus.

Bab ngginggahaken regining kartjis bus poenika wonten mhéntèq-raad dados rembag ramé, wasana poengkasatipoen panoewoenan saking B.V.M. katampil!

Mila anéh, mangsa malès regi mindak! Ingkang makaten waoe bokmanawi kanggé njalangi soepas inlander sampoen kekahen ingkang noempak bus, margi s Mr. Cornelis—Batavia poenika latipoen namoeng isi poenggawas, ambtenaar departement, goeroe, tjantoen kantor.

Bab mangsa, wiwit November

**SAMPOEN AMBABAR: DEKOE BABAD NGGAWARSITAN**

Isi tjarijos lèlampahan R. Ng. Ranggawarsita kang élok-élok, babaran ngèlmoer toewin cultur Djawi.

regi . . . f 1.— saweg kaetjap regi 25 amargi langkoeng del.

kost kintoen . . . f 0.20.

Kénging toembas dateng: MARJANA

Sidowajah —: KLAËN.

poenika kerep djawah lan katah angin asrep, ndjalari watoek pilek sami dateng.

Ing réhné Tandjoeng Prijoek oegi kerep kaéwokaken Djakarta, mila koela badé matoer sakedik bab maskapé Radio Holland.

Kala waoe djam kalih sijang, bakda parepatan P. P. K. D. koela ketamoean poenggawa Radio Holland ingkang toemoet njepeng boekoe lebet wedaling arta, dados pirsu djerohaning maskapé.

Wiwit mireng nama „Radio Holland” koela nginten manawi maskapé poenika dados kantor ngintoenaken kabar radio dateng Holland, djeboel kawontenanipoen boten makaten.

Maskapé waoe ingkang bakoe toekang njéwakaken pirantos radio dalah poenggawanipoen dateng maskapé-maskapé kapal ingkang nginggoek Indija ngriki.

Terangipoen makaten: Manoet predjandjian saindenging bawana saben kapal ngambah samodra kedah gadah pirantos radio.

Nah, sapoenikanipoen maskapé-maskapé kapal poenika katah ingkang ajas-ajasan toembas pirantos radio lan nginggah marconist, aloewoeng njéwa.

Toemrap Indonesia toekang njéwakaken radio satjanganipoen poenika . . . Radio Holland! Kanggé kapal satoenggal sawoelan wragad njéwa pirantos radio komplit samarconist-ipoen watawis 700—800 roepijah.

Ing mangka marconist 1 blandja kawitan namoeng f 60—, neda lan kamar gratis saking maskapé kapal, f 60,— ingkang mbajar Radio Holland, lan pirantos radio sagrengan katapsir namoeng regi f 1000. Mila boten nggoemoenaken jèn maskapé Radio Holland saged sentosa. Kapal f 700—f 800, ing mangka kanggé mblandja marconist c. a. namoeng f 75. Toer P.M.K. kémawon njéwa Radio kanggé kapal 40. Dados setaoen Radio Holland saking K.P.M. tamiwatawis 40 × 12 × 70 roepijah, hara pinten poenika!

Marconist Radio Holland sinaoenipoen wonten Nederland, lan apes wedalan Mulo oetawi H.B.S. 3 taoen.

Kedjawi K.P.M. ingkang njéwa radio (sa-marconist-ipoen) saking Radio Holland: Oceaan, Rotterdam-sche Lloyd, Mij. Nederland, lan apes maskapé 3 sanèsipoen malih.

Dados sanadjan mangsa malès, kados Radio Holland boten kempès kantongipoen! . . . makaten tjarijosipoen tepangan koela.

Éwasamanten, réhné djaman ngringkes lan nggemèni, saking Radio Holland teka inggih wonten angin inkrimping, bezuiniging, salarisvermindering lan overcomplete! — kados-poendi malih, sampoen djamanipoen! (bab Radio Holland poenika sanès dinten kaladjengaken malih).

Bab prakawis Dahana contra Déwapratalla, bedja déné koela boten katoet, namoeng manoeet djimat koela soeling njéloem an, tjarijosipoen bab poenika dèrèng tjontel, ingkang makaten waoe éman, margi sadèrèk sami sadèrèk; Tom sampoen toemoet njapih, nanging réhné namoeng Tom, bebaskan godong lemboet oepaminipoen, kanggé ngeboet latoening tjatjongkrahan kirang tjespleng, poenapa sadèrèk Tahrin priksa obat ingkang langkoeng moestadjab tinimbang FLIT-ipoen Tom?

Koela adjirih lepat-lepat bab tjoro-zaak poenika dados „Geest van Ontbinding” kados aksinipoen kjai Abdoel Rivai.

Bab dipoen-sidem kémawon! — lan inggih boten bab sapoenika poenika, kanggé saladjengipoen inggih makaten, idep-idep ngleloeri tindakipoen soewargi Éjang Nolens!!

De Régisseur (C. C. Djakarta.) Tom.

### MEDARI — SLÉMAN.

Saja mindak taoenipoen, badjag malaise indaking agengipoen kela-woen-lawoen. Badjag malaise sampoen saged njengkerem djagad, sadaja pradja kaobrak-abrik, sadaja pakarjan kaosak-asik, panggaotan dagang, tetanéh, beherah, bakoelan lsp. sadaja kaaroo-biroe. Sanadjan pakempalan dagang ingkang ageng-ageng lan santosa katradjang poeroen. Minggoe kepengker Sw. Tm. ngabaraken jèn wiwitaning woelan Nov. poenika S. f. Beran sampoen ngéndeli poenggawanipoen langkoeng saking 30, sapoenika koela sampoen angsal wartos ingkang langkoeng tjeta malih jèn tjatjah nginggil waoe sapoenika sampoen mindak kirang langkoeng wonten 120, bangsa walandi 7. Déné saking S. f. Medari ingkang kala wiwitaning woelan November ± namoeng 30 poenggawa, sapoenika sampoen langkoeng saking 70 temtoe kémawon tjatjah × 2 sampoen ngemot mandor-mandor

poenapa. Malah S. f. Sendangpitoe katoetoe babar pian, tanemani-poen rosan ingkang sapoenika taksih alit-alit, taoen ngadjeng badé dipoen-giling wonten S. f. Medari. jèn salebetipoen 2 taoen regining gendis adjeg kados sapoenika. S. f. Sendangpitoe, badé katoetoe teroes.

Prijantoen pangreh pradja oegi badé dipoenlongi. Ing Sléman wkdal poenika taksih wonten Wedana lan Aw. Nanging taoen tjandakipoen, boten badé dipoenwonteni Aw. Mlati ingkang soewaoe wonten Wedana lan Aw, kala 1 October poenika Aw, nipoen kasoewak.

Poenggawa pegantosan oegi badé dipoenlongi. Ing Tèmpèl (lèr Sléman) poenggawa sapagantosan badé dipoenlongi tiga. Kabar sa Indonesia badé soedaning poenggawa pegantosan langkoeng saking 3000 (tigang èwoe).

Golongan goeroe oegi boten kantoen, kanggé tanah Djawi tengah sisih kidoel (Banjoemas, Kedoe Bagelèn, Ngajodja, Solo) kirang langkoeng wonten djiwa 300.

Pengamoeking badjag malaise, mila ngedap-edapi, bebaskan boten kénging dipoen katani, mila mèh sadaja tjang giris lan miris, soemelang mbok manawi kaental babar pisan nanging toemrapping bangsa Indonesia meksa ngedalaken woh ingkang saé, goerih manis ngganda aroem, inggih poenika goemrégah ing nijat njakaken economie kanti mempeng manteng gajeng, katonda ing poendi poendi djoemedoel pakempalan ingkang toedjoenipoen njakaken economie, kadosta pakempalan njèlèngi, Coöperatie-Coöperatie lsp.

Krodaning malaise oegi ngandelaken raos lan ngentjengaken niat pangatos-atos.

Pangamoeking malaise oegi nennoentoen dateng gesang pasadja nastiti lan gemi, kinantèn wekel njamboet damel.

Badjag malaise tansah ngasah nal lar kita moerih loewar saking kangsarsaran.

**VAN LITH-STICHTING**

J E J A S A N  
ingkang  
andjoendjoeng  
dradjadiipoen  
gotrah  
KATOELIK  
SADAJA.

Penningmeester V. L. S.  
2e. Convict.  
Moentilan N. I. S.

Baja malaise iki kang bakal ngilangi tjatjad-tjatjadkoe kabèh, mbangoen oerip anjar, noedoehaké dalan kang andjog tekan kamoeljan. Makaten gagasan koela.

Mangsoeli bab pakempalan-pakempalan ingkang sami anggadhahi toedjoe njakaken economie, waoe sampoen koela atoeraken jèn ing poendi-poendi ketingal grengseng.

Ing Medari kémawon ingatasipoen doesoen, pakempalan Coöperatie wonten 3. Crediet 2. verbruik. 1. Crediet Coöperatie waoe ingkang setoenggal jasanipoen para sadèrèk pabrik golongan tjarik cs. oemoeripoen ± 3 taoen bandanipoen mèh 1 1/2 èwoe roepijah. Satoenggalipoen jasan goeroe<sup>2</sup> missie Medari kidoel, kanamakaken C. C. M. oemoeripoen saweg 9 woelan, klempaking arta sampoen langkoeng f 700 (pitoeng atoes roepijah). angsalipoen semanten waoe saking sadé andél a pengaos f 25 srana katjijil f 2,50 woelanipoen, ingkang kedah sah salebetipoen 10 woelan.

Malah kala Rebo 11 Nov 31 C. C. M. ngwontenaken parepatan warga oemoem. Ing sarèhné C. C. M. katingal madjeng mila ladjeng kapoetoes mewahi warga pangreh 2 idji ingkang badé toemandang ing damel wiwit 1 Januari 1932. Awit dintening taoen énggal waoe oegi mbikak andél énggal malih ingkang oegi katjijil apes salebetipoen 10 woelan, Warga lami ratjakipoen sami toembas malih, malah wonten ingkang toembas 3, 4 oetawi langkoeng, warga énggal oegi sampoen wiwit nampi, tjatjahipoen klebet loemajan.

Ing Sléman oegi wonten verbruiks coöperatie, gesangipoen oegi klebet sempoeleer.

Ing Tèmpèl (lèr Medari sekedik) apes sampoen wonten verbruik lan Credietcoöperatie apes kalih, kabar oegi saé gesangipoen.

Moegi-moegi teroesa widada. Pakempalanipoen para moerid lan tilas moerid ing Standaard lan Vervolg-school Medari lan Sléman nami Mardikoepija. oegi oelah njakaken economie, kadosta, bakoelan, toekang tjoekeer enz. Malah nalika

tjembènganipoen S. f. Medari lan Beran Mardikoepija oegi mbikak waoeng, tjoekeer lan sedija papan séwan pit. Angsal-angsalanipoen radi maremaken.

Kedjawi kaseboet nginggil Mardikoepija, oegi anggadhahi toedjoe soepados para tilas moerid-moerid lan goeroe taksiha wonten gandèngipoen.

Watawis 5 woelan kapengker Moeda Katoelik ing Sléman sampoen tetep nami madeg. Ingkang dados warga sapérangan ageng para siswa schakel lan vervolgschool. Malah kala arak-arakan Sakramèn Maha Soetji wonten Medari, Ngahad poengkasana woelan October, oemboel-oemboel M. K. oegi sampoen koemlébèt, kados-kados ngatingalaken gambiranipoen déné kapareng ndèrèk ngarak Ingkang minoelja Sakramèn Maha Soetji. Tjjang-tjjang ingkang ndèrèk arak-arakan poenika ageng alit, nèm sepoeh, boten kirang 1500.

Kawan woelan kapengker Paloepi Darma oegi noetoeti mandjer gendéra wonten ing Sléman. Ing wkdal sapoenika ingkang dados warganipoen saweg sapéranganipoen para siswa ing vervolg.

Xaveriusbond ing Medari nembé kabangoen, tjatjahing warga boten ngoetjwani. Kala Ngahad 15 November X.B. ngwontenaken Recllectie wonten Standaardschool. Ingkang ndèrèk kakoeng poetri ± 50.

Bab oelah raga, ing Medari oegi klebet madjeng. Langkoeng malih sareng pabrik sampoen rampoen anggenipoen giling.

Ing sarèhné sampoen daloe, koela sampoen arip, film ing Medari — Sléman koela toetoe semanten roemijin, sanès wkdal kaladjengaken. poen DJARWA.

### KABAR PASOENDAN.

Ing Swara Tama kapengker poenika para maos sampoen sami pirsu kawontenan kita gotrah R.K. Djawi ing Bandoeng, lan sampoen sami oeninga tradjang kita, mila sapoenika prajogi kaladjengaken sawatawis ngrembag.

St. Melania Stichting. Djoemedoeling stichting poenika wonten ing tanah Pasoendan kala woelan Februari 1930, saking adanipoen njonjah van Kempen kabantoe déning para gotrah Walandi sawatawis, poenapa malih padoeka Rama J. Goumans (hoofd pastoor ing Bandoeng) dalah Zuster sawatawis.

Sakawit namoeng nampi laré sekolahan tok, lan para wanita R.K. sawatawis, goenggoeng wonten 12. Saking aktif-ipoen pangarsa (mevr. van Kempen) salebetipoen 2 woelan sampoen dados 350.

Wanita 350 poenika, ingkang Katoelik saweg 4.

Saben dinten Slasa wiwit djam 4—dj. 5.30 kawontenaken pasinaon wonten ing Mariaschool kagoenganipoen para Zuster Urselinen.

Pasinaon poenika mawi béja 1 bénggol saben tjang satoenggal. Kala woelan December '30 poenika Stichting sampoen saged mbèbèr bebatènipoen handwerken wonten ing Schouwburg K. S. B. ingkang kala samanten gedong poenika ngleresi kabikak sepisanan.

Pepadjengan dalah bebatèn boten ngoetjwani.

Minggoe tanggal 8 Nov. poenika stichting mbikak tentoonstelling ingkang kaping kalih wonten ing gedong K.S.B.

Kawontenan ingkang kasadé langkoeng mrètjèt tinimbang taoen kapengker.

Pamoedji koela St. Melania stichting ing Bandoeng, ingkang mawa toedjoe mijaraken tebaning karahadjengan, sageda saja dangoe saja mondjo lan kaleksanana oegi ingkang dados idam-idamanipoen para Rama.

### Bab Missie.

Kita perloe njoemerepi kados-poendi kawontenanipoen Missie ing Pasoendan. Missie poenika sampoen tigang taoen sepriki kalintiraken dateng Orde Kruisheeren, roemijin kaasta para Rama Jezufeten.

Missie brandpunten ing tanah Prijangan:

1. Bandoeng. Tjatjahing gotrah R.K. (bangsa Welandi) ± 8000.

Djiwa Katoelik semanten poenika wonten ing astanipoen para Rama 6, kadadosaken kalih Pastoeran.

a. Pastoeran lami tilaranipoen rama Jezufet, doemoenoeng ing Schoolweg, kadaleman Rama sekawan.

b. Pastoeran énggal, lampahan satengah djam saking Pastoeran lami ijananipoen para Rama poenika pijambak, kadaleman Rama 2.

Djalaran saking kiranging Rama, sering kabantoe ing para Rama Jezufet ingkang dedalem ing Bandoeng, wonten ing Pastoeran S. J. Sumatrastraat.

Dados Pastoeran ing Bandoeng wonten tiga.

### PANGANDIKA DALEM I. S. K. SANTO BAPA, PIUS XI.

Pasamoean Soetji kagoengan wewenang moelang moeroek dateng manoenisa sadaja, langkoeng-langkoeng dateng para moeda. Wewenang poenika tan kénging ingoenggrèh-oenggrèh oetawi pinapalan.

Wewenangipoen Pasamoean Soetji poenika boten alija kadjawi wewenang paparing Dalem Goesti Allah pribadi, moerih Pasamoean Soetji sageda angeman dawoeh-ajahan Dalem; djer karsa Dalem andjoemenengaken Pasamoean Soetji inggih boten sanès; soepados Pasamoean Soetji sageda amoerakabi dateng para soekma-soekma sadaja, sageda aparing salwiring brana ingkang soemipen wonten ing kajataan miwah kaotamèn, piwoelang dalem toewin patrap-lampahipoen, ingkang sampoen winedar ing Kangdjeng Goesti pribadi dateng djagad. Sabda Dalem: „Pada pentjara loengaa, moelanga marang bangsa kabèh, pada weroekana angèstokaké apa sadawoehingsoen.” (Matéjoes XXVIII 19-20).

Langkoeng-langkoeng moelang laré alit saha para moeda poenika sampoen dados wewenang sarta bebahanipoen Pasamoean Soetji ingkang sampoen mesti. Prakawis poenika katjibna saking paloepi toewin sabda Dalem Sang Akarja-rahajoe, ingkang nitahaken saha aneboes para soekma. Sabda, ingkang midjil saking toetoe Dalem, pantes pinèngnetan, déné oenggelipoen makaten: „Karebèn botjah tjilik-tjilik pada sowan ing ngarsaningsoen, poma adja sira penging oetawa alang-alangi sowan ing ngarsaningsoen.” Amarga botjah tjilik ikoe (kaja-kaja katoemoesan ing adreng, kang pinangané saka ing Goesti Allah), „pitjara marang Ingsoen.” Ija botjah tjilik-tjilik ikoe „kang tjinawisan kratoning Swarga.” Malaekat pamomongé kang tan pegat andjangkoeng ngawat-awati rereksanané, tan kendat anjawang pasoeerjan Dalem Kangdjeng Rama kang ana ing Swarga.” Kadjawi sabda kasboet Goesti inggih taksih mangandikakaken sabda anggegiris, kénging binasakaken sabda-wawalak, makaten: „Bilahi wong kang dadi sandoengané salah sawidjiné botjah tjilik ikoe.” (Matéjoes X 13 lsp. XVIII 1 lsp.).

Pranjata wewenangipoen Pasamoean Soetji poenika tan kénging ingoenggrèh-oenggrèh oetawi pinapalan.

(Encycliek: „Bab Aksi Katoelik.”)

Ing Bandoeng wonten pamoe-langan R.K.

1. H.B.S., Kweekschool lan leerschool, Frobelschool, weefschool, mawi internaat kaasta para Zuster Urselinen.

2. M.U.L.O. kaasta para Broeder Orde Aloewisipoen, badé katambahan R.K. A.M.S. mawi internaat. (? Red.).

3. Europeesche school wonten kalih: St. Berchmansschool lan St. Augustinusschool.

4. H.I.S. lan Schakelschool.

Ijisan:

1. R.K. Ziekenhuis St. Carolus Borromeus (kados Onder de Bogen ing Ngajodja).

2. St. Camillus stichting: a. Wonten ing Mariaschool kagoenganipoen Zuster Urselinen, kanggé laré éstri lola; b. wonten ing Tjitjalengka kanggé laré djaler; c. Internaat wonten ing Tjitjadas kanggé laré djaler ingkang sami sinaoe.

Babagan pakempalan-pakempalan gadahaning wandawa R.K. boten koela atoeraken, mindak kepan-djangan. (wandawa bangsa Welandi).

2. Tjimahi. Roemijin koekoeban poenika saben-saben namoeng kadladjoe saking Bandoeng; dangoedangoe ladjeng wonten Rama satoenggal (oegi Orde Kruisheer) ingkang tetep dedalem ing ngrikoe.

Bab ijisan dèrèng wonten, kadjawi saweg dalem pastoeran tok, déné grédja tilaranipoen Rama Jezufet.

Katoelik ingkang katah bangsa Militièren. R.K. Djawi ± wonten 4.

3. Tjitjalengka. Grédja nembé kawontenaken. Wonten ing ngrikoe namoeng weeshuis St. Camillus, lan gotrah R.K. Welandi sawatawis.

4. Garoet. Wonten pamoelangan schakelschool. Karawoehan Rama namoeng saben Minggoe ingkang kaping kalih. \*)

5. Tasikmalaja. Dèrèng wonten ijisan poenapa-poenapa, kadjawi namoeng gotrah R.K. Welandi sawatawis, ingkang saben Minggoe ingkang kaping 3, tjekap karawoehan Rama.

6. Cheribon. Saèstoenipoen poenika sanès koekoeban Res. Priangan, namoeng sarèhné ing ngrikoe kaasta ing Rama Kruisheer, mila perloe kaatoeraken.

\*) Grédja tilaranipoen Rama Jezufet 7.

Pastoraal dalam Grédjanipoen tilaran Rama Jefuet, kadaleman Rama setoenggal, lan gotrah Katholiek Djawi I brajat.

Pamoelangan kagoenganipoen pijambak saweg Fröbelschool, taksih nrimah wonten ing pandapi Pas-toeran.

Gotrah R.K. boten patosa katah, namoeng sampoen saged ngawontenaken K. S. B. (bangsa Welandi).

Manawi nitik andaran koela ing Sw. Tm. kapengker poenika, gotrah R. K. Djawi ing Bandoeng sakoe-koeban Pasoendan kalebet ondojo pijambak, namoeng meksa krépo pijambak jèn katanding kalijan sanès panggènan kados ing Djakarta.

Éwasamanten koela namoeng soeka pémoet dateng gotrah R.K. Djawi ing Bandoeng, boten sanès namoeng: „*Inggang ngatos-atos*.” Awit awonsaéning nama kita namoeng goeman-toeng dateng tijang ingkang dateng roemijin pijambak wonten ing ngri-ko. Dados jèn pandjenengan wonten ing panggènan ngrikoe roemijin pijambak, mangka pandjenengan wonten ngrikoe, ladjeng kadjèn kéringan, mangké manawi wonten sadèrèk éng-gal dateng temtoenipoen inggih di-poensamèkaken kalijan pandjeneng-an. Nanging jèn ingkang dados *erstelingen* wonten ing satoenggiling panggènan poenika, *Djongos, Baboe*, oetawi *Toekang kebon*, mangké sa-dèrèk - sadèrèk ingkang dateng, ing-gih dipoenanggep lan dipoensamèk-aken kalijan, *djongos, baboe* oetawi *toekang kebon* waoe.

Marganingpawijatan 15 Nov. '31. taklim *Tahrin*.

**ECONOMIE.**

**BAB DENIS.\*)**

Sareng koela maos andaranipoen sadèrèk A.K.D. prakawis Denis wonten ing Sw. Tama no. 44 tanggal 30-10-31, koela teka ladjeng ketokoelan gagasan warni-warni.

1. Saopama saodera A. K. D. ikoe spaarder Denis, apa ora tanpa verslag bab Denis, déné teka nganti nrètèk anggoné mintasraja bab ikoe.

2. Saopama ho-ra-ha, kena apa teka wangsoelané kadh pada dipoendoeti priksa tansah ora njaké-tjakaké penggalihé.

3. Kelakon takon marang directie ing Bandoeng lan oega olèh wangsoelan apik lan tata, éwasamono ora diélokaké, djalaran doemèh sabèn bakoel mesti ngalem barang dedagangané, sabèn blantik ora nadj sapi oetawa wedoesé.

4. Andak saodera A. K. D. pratjaja marang awak dèkèng, saopama tak tjaoi keterangan sing tjeta, awit . . . . akoe ja blantik oepamane.

5. Akoe rada goemoen, déné sad. A.K.D. ora ngandel karo wong sing njaoi katerangan nganggo angka, teka malah pratjaja karo wong sing njaoi katerangan nganggo „gotèking akèh.”

Saodera A. K. D. Manawi pandjenengan badé ngersakaken moendoet ménda oetawi lemboe, poenapa pandjenengan moendoet priksa dateng kjahi blantik: „É, pak, sapiné ikoe lemoe napa koeroe?” Temtoenipoen inggih boten. Manawi koela, lemboe koela sawang, koela tjepeng nginggil bokong.

„É bokné, sing adol goela, goelané legi apa pait?” — „É, kang, takwané énak apa ora?” Poenapa wonten tijang doesoan takèn meka-ten poenika? Jèn tjara doesoan te-toembas tetedan poenika ngitjipi oetawi toembas sakedik roemijin, jèn pantjèn boten éja inggih boten éstoe oetawi sinaosa sampoen toem-bas boten katah.

Toemrap tijang toembas sata, inggih njetoit sekedik, wongsal-wangoel sata dipoenambet, dipoen-pèdjèt. Menawi tijang badé ngebon koran (serat kabar), ingkang dipoen-tingali roemijin inggih jaargang lan oplaagipoen. Poenika jèn tjara koela lan ingkang kalimrah. (Kedjawi jèn ngebon koranipoen pijambak, kados kita katholiek ngebon Sw. Tama oet. Soe ara Kath.)

Lah sapoenika kados poendi me-nawi tijang badé lalawanan kalijan Denis, jèn tijang badé ngertos tek kliwering Denis, menawi badé njoemerepi, poenapa Denis failliet poenapa boten, poenapa tambah ageng lan santosa.

Wangsoelanipoen gampil sanget: „Kedah maos verslagipoen.” Tarak ndjaplèk kémawon. — Ananging, sarèhning ingkang dipoenkersak-aken sad. A. K. D. namoeng failliet oetawi botenipoen Denis, pramila inggih namoeng poenika ingkang badé koela atoeraken. Lah sapoen-ika srananipoen kados poendi?

Tijang kedah anggadhahi tjaraning blantik lan soedagar. Liripoen mri-pat kedah melèk. Menawi tijang melèk saèstoe, temtoe soemerep, bilih lemboe ingkang wonten ing ngadjengipoen poenika kera oetawi lema, jèn barang ingkang badé dipoentoemas awon oetawi saé. Semanten oegi toemrapping bab Denis. — Ing poendi-poendi kita soemerep reclame Denis, poenika tandar Denis sampoen ageng, djember tebanipoen. Ing serat-serat kabar dèrèng wonten wara-wara bab bangkroetipoen Denis, dados Denis taksih gesang. Ing Koerier tanggal 12 lan 26 October 1931 ngewrat advertentie Denis, mangka koela roemijin, bilih Denis badé andjembaraken tebanipoen, boten dora.

Semanten kados sampoen tjekap atoer koela dateng sadèrèk A.K.D. Déné bab sinten Bestuurung Denis, kados poendi panariking ar-tjèlèngan, kados poendi koewadji-banipoen tijang ingkang sami njè-lèngi, wonten ing poendi lan kados poendi anggènipoen ngindak-indak-indakaken artaning Denis, poe-nika boten klebet ing agenda, lir-ipoen boten perloe kanggé nerang-aken failliet lan botenipoen Denis.

Éwa samanten, jèn sad. A. K. D. koemedah-kedah badé priksa, tak-sih kénging kateroesaken. Taklim koela: poen S. D.

**NGADJENGAKEN ECONOMIE-NING BANGSA.**

Wonten ing taman *Swara Tama* minggoe kapengker poenika koela sampoen ngatoeraken, kados poendi menggah tjalon tradjang pangrèh pradja ing Deutschland saha Oos-tenrijk, manoe rantjangan, anggèni-poen angoedi amrih soedaning tjatjahipoen tijang anggoeran ing pradja rikoe. Inggih badé srana ndandosi lan damel margi-margi, kanaal, nggarap tanah kadamel sa-bin, ndjembaraken tebaning electriciteit lan sapanoenggilanipoen. Lha, tradjang makaten jèn njata éstoe katindakaken, mila katingal jèn njata tresna, welas noeloeng dateng kawoela.

Andjawi saking poenika, kanggé mbèrèskaken kawontenaning indus-trie, dedamelan lan dedagangan, pradja Deutschland dèrèng dangoe poenika inggih sampoen kedadosan rembag lan kelampahan ngawonten-aken commissie sesarengan kalijan pradja Frankrijk.

Tradjang makaten mila tanggap ing semoe!

Dados wontening krenteg, ladjeng, sedya atradjang noeloeng dateng kawoela, bangsa ing salebeting djaman malaise, djaman katah tijang anggoeran, djaman katah tijang nand-ang papa tjintra koela, boten namoeng katingal wonten ing sale-beting rangkah socialisme lan natio-nalisme kémawon, nanging oegi ing sawenèhing pangrèh pradja.

Sawatawis minggoe kapengker, wonten ing:

*Bat. Nieuwsbl.* koela mregoki verslag kanggé lezing-ipoen tw. Weyerman wonten ing parepatan I.E.V. afd. Meester Cornelis, ingkang kénging kita gatosaken, wosi-poen makaten:

Jèn I.E.V. perloe sanget ngawon-tenaken welvaartcommissie kanggé adjenging dedagangan lan dedamelan toemrap I.E.V. Spr. gadah gagasan, bilih kanggéning kaeom I.E.V. ingkang taksih sami kirang kaw-roehipoen kanggé ing kalangan rikoe, tertamtoe saged madeg pijam-bak. Nanging perloe sanget jèn dipoenwoelang roemijin soepados saged dados *vakman*. Toemrapping katerangan ing babagan arta kanggé wonten ing kalangan economie kedah dipoenperlokaken roemijin. Lan oegi kedah wonten papan pan-jadéan ingkang kanggé djoedjog-ang mbektiani angsal-angsalaning dedamelan waoe.

Mitoeroet poenika waoe mila perloe sanget, jèn I.E.V. ladjeng concurent kalijan bangsa priboemi. Para kaeom I.E.V. ing rikoe kedah toemoet mbantoe.

Lho, kados makaten poenika won-tening wosipoen verslag. Dados tjekak aos: kanggé kaeom Belanda Indo ing koekoeban Mr. Corn. sam-poen gadah krenteg soemedyia toe-mandang ngadjengaken dedamelan lan dedagangan kanggé kadang koelawarganipoen, srana ingkang medal saking kekijatanipoen pijam-bak, lan badé madeg wonten ing salebeting concurentie kalijan Tjina saha kadang kita tijang priboemi, Indonesiers.

Mangga para maos, prakawis poenika waoe koela atoeri ngalih. Lan mangga sapoenika sami masang talingan, perloe kanggé mirengaken kabar ing bab kawontenaning tanah, poelo Cuba.

Poelo Cuba kalebet wonten ing

kapoeloan India Kilen, djemberipoen 114.000 km<sup>2</sup>. Poelo poenika kalebet loh, sentosa pijambak kanggé ing kapoeloan India Kilen, langkoeng-langkoeng kanggé pamedalipoen sata dalah rosan. Saben taoenipoen pinten-pinten ton lan pinten-pinten pak ingkang kakintoenaken dateng pradja sanès. Kabawah déning pradja Sepanjol.

Kanggé ing titimangsa poenika pangrèh pradja ing rikoe tansah riboet, boten tentrem, ingkang dja-laran saking wontening golongan lan pakempalan warni-warni. Ka-dosta:

Saking golongan Mullatten lan Creolen, ingkang tansah boten nri-mahaken, déné boten dipoensamèk-aken, ing atasing hak wewenangi-poen.

Saking golongan Nationalisten, ingkang tansah angoedi amrih la-djeng sageda oewal saking pradja Sepanjol. Lan soepados saged saja énggal, ladjeng sami neda pitoele-engan dateng pradja Amerika.

Saking golongan Intellectueelen, ingkang tradjangipoen nglawan da-ting tindak lan koewaosing kaeom kapitalisten lan imperialisten ingkang tansah katingal ngalang-alangi da-ting kemadjenganipoen bangsa Cuba.

Poenapa malih tansah ngangseg, amoerih sageda ing atasing econo-mie dedagangan lan dedamelan oewal saking koewaosing Amerika, srana ngedegaken pabrik-pabrik, bank-bank, tetanèn lan sapanoenggilan-ipoen.

Mila makaten, djer sanadjang poelo Cuba makaten loh, katah pamedali-poen, nanging kénging kawastanan tanpa kapitaal. Kanggé wontening dedamelan, dedagangan katekem déning Amerika. Lan kanggé won-tening tetanèn, onderneming, kalebet wonten ing *plutocratie*. Liripoen: wonten ing koewaosing para kaeom kapitalisme lan imperialismé.

Sampoen doemoegi samanten roemijin kanggé atoer koela ing atasing kawontenanipoen poelo Cuba.

Dados manoe kawontenan - ka-wontenan ingkang sampoen koela atoeraken, pandjenengan ladjeng priksa, bilih dedamelan lan da-gangan makaten, tansah dados sekar lambé.

Para kaeom Belanda Indo, I.E.V. ing afdeeling Mr. Cornl. wonten ada badé ngwontenaken welvaartcom-missie toemrapping dedamelan lan dedagangan kanggé kaeom Belanda Indo.

Mahatma Gandhi, neda soepados dedamelan lan dedagangan kanggé kawoela ing India Inggris, kasen-tosana lan kaadjengna.

Toewan Colbert anggènipoen ba-dé ngadjengaken economie - ning kawoela ing Fr. inggih namoeng noedjoe dateng dedamelan lan dedagangan ingkang ndjamani, ing-gih poenika srana toelada ngedeg-aken pabrik. Para intellectueelen ing Cuba anggènipoen badé ngi-pataken saking *plutocratie*, bab dedamelan inggih boten kantoen.

Kadjawi poenika pandjenengan, tertamtoe inggih dèrèng kasoepe-n dateng andaranipoen soemitra An-daja kados poendi tradjangipoen S. O. Smith, radja Neger ing U.S.A. anggènipoen badé ngoedi dateng kemadjenganipoen para Neger ing rikoe.

Poenapa taksih kirang toeladani-poen? Tjober mangga sanès dinten sami kaladjengaken malih.

C. C. D. Aksamanta Widyantà.

**R. K. D. B. CONTRA DAHANA.**

*Stop-stop! Pri-i-i-it—Proeit—Prit!* (Sak ndjawining tanggelan Redactie.)

**L. S.**

Noewoen para sadèrèk toewin para maos, koela njaoi priksa, bilih arti-kelipoen sadèrèk Dahana ingkang wonten ing S. K. no. 30 taoen poe-nika, adamel moengkading sadèrèk kita R. K. D. B.èrs langkoeng<sup>2</sup> para Pangrèhipoen. Ngantos sa-mangké taksih dados rembag ramé. Namoe jèn koela pikir ingkang pandjang, ingkang makaten waoe kados kok kirang perloe; lho réh-ning Dahana poenika, jèn boten klintoe inggih sad. kita kath. pijam-bak toer salah-satoenggiling stichter-ipoen pakempalan kita. Déné sadèrèk Dahana samangké njélaki dateng jejasanipoen pijambak, inggih sak kadjengipoen! Sinten ingkang badé wirang saha isin, jèn R.K.D.B. sa-éstoe boten barès lampahipoen???? Rak boten sanès inggih poen Da-hana pijambak ta!

Lho jèn pantjènipoen mila boten makaten poenika! Nanging réhning ing wkdal samangké tlatahing Dja-karta bentèr sanget margi soemoeb-ing bezuiniging, poenapa malih gri-janipoen sadèrèk Dahana tjaket pa-brik gas, mila koela boten maiben, jèn sadèrèk Dahana ladjeng SALIN-SLAGA margi bentèring hawa sa-kiwa-tengenipoen.

Koela sapoenika saged ngraos-aken, kados poendi mongkogipoen radja oetawi djéndral, ingkang kli-ling mider-mider oeroet barisanipoen pradioerit ingkang pandjang toer rapet toer inggih sab-saban. San-dangan singset, tjantjoet. Solah ting-kah tjakoet. mBregadag dampjak-dampjak, kados redi kendeng ang-gaweng ilab-ilaban.

Makaten oegi koela kok inggih mongkog; ageng manah koela, jèn koela njawang *barisan kita Indonesia*.

La, larikan poenika, tari-k tari-k pepak, sakatahing èr djèdèr-djèdèr I-èr, D-èr, M-èr lan sanèsipoen èr poenapa malih! Kénging milih: ba-baran Éropah poenapa Indonesia!

Ladjeng larikan sisih poenika, pandjang, rantap, tèrèk-tèrèk, keng-keng!

Leres tanpa rerenggan salah sa-toenggiling èr, nanging boten kawon ngengreng kalijan larikan sanèsipoen!

Djer déde I salengen déde D oet-awit M satebah ingkang kedah ada-mel mongkoging rakjat; nanging kentjenging tékad loehoer, kandel-ang raos kabangsan sedjatos, mekroek-ing katresnan moerni dateng bangsa.

Djer larikan kalih-kalihipoen sami déné penoeh-sesek ing krekat tékad badé miloedjengaken, badé nga-djengaken, badé andjoendjoeng bang-sa kita. Harak inggih ta?

„*Time is money*,” — tjrtjosipoen bangsa Albion.

Sapoenika déde wekdalipoen kang-gé soemlengeren gebjaring barisan kita!

„*Time is money*,” — sapoenika wekdalipoen kanggé émoet dateng kawontenanipoen ing sakiwa-tengen!

„*Time is money*,” — sapoenika déde wekdalipoen namoeng kanggé wjitra nritjis tok, nanging sapoen-ika kedah toemandang, toeman-dang kanti gregoet sengkoet!

*Malaise!* — déde swanten éng-gal! Malah kapara andjelèhi! Boten maiben!

*Bezuiniging!* — déde oeloek-oe-loek anèh, déde oeloek-oeloek lang-ka! Sampoen limrah, sampoen oe-moem!

Andjelèhi poenapa boten, sam-poen limrah poenapa dèrèng, na-

nging ingkang sampoen njata: kita kataman, kita kraos!

Adjenging bangsa kita badé ran-dat, malah bokmanawi badé kendel. Bokmanawi lintoening madjeng, ma-lah dados moendoer!

*Ekonomi* — babagan tetanèn — bezuinigd! Dipoensoeda!

*Onderwijs* — bezuinigd! Dipoen-potong!

*Hygiène*—babagan pendjagi kasar-asing rakjat — sampoen wonten tjloemikiipoen oegi badé dipoenpapal, bezuinigd! Djer soebisid dateng gri-ja sakit partikelir badé katjaboet!

Koela boten badé maibeni tindak-ipoen paréntah ngirid, oegeripoen maton, oegeripoen malah boten nda-dosaken ngetjèh-etjèh! Margi mila sampoen kepèpèd.

Nanging ing samangké kita kraos. Kita roemaos, jèn babagan tigang warni waoe — lan sanèsipoen oegi — pantjènipoen malah taksih kedah di-poen-saekaken.

*Negari* roemaos sampoen boten koewagang noeloengi. Amila kita kedah toemandang pijambak, kita kedah njampedi pijambak kekirang-anipoen.

La, poenika kalanganipoen, ing-kang kedah dipoenlebeti barisan ki-ta; kalangan wijar toer ngeblak! Sa-daja saged ngetjakaken keprigelan-ipoen pijambak-pijambak!

Goeroe-goeroe wonten ing baba-gan onderwijs.

Landbouw - consulent wonten ing babagan tetanèn.

Dr.Dr. wonten ing babagan hygiène.

Ir.Ir. wonten ing babagan . . . . .

Mr.Mr. wonten ing babagan . . . . .

. . . . . wonten ing babagan . . . . .

*Swadeshi, Indianiseering, selfhelp* sampoen dados sekar lambé.

Sapoenika namoeng kantoen nda-dosaken woh. i. p. toemandang pijam-bak!

O, koela inggih ngertos, bilih toe-mandang pijambak kados makaten poenika boten badé kelampahan, jèn mawi soetik ngrekaos, boten ngoer-banaken éja-sakétja sakedik-kedika kémawon.

Nanging caritas (tresna ing sesami) tanpa koerban sakedik-kedika poe-nika déde nama *caritas sedjatos!*

**FIRMA - MERDEKA.**

**DJOKJAKARTA.**

Toko Merdeka pindah tempat di Ngabéan straat Djokja dan ada tanda plank, Bultzakenfabriek „MERDEKA”.

Tarif harga Ledikant compleet jang kwaliteit A besi 7/8 dan kain bultzak dari rami kapoek no. I.

No. I	oekoeran tinggi 2,36 pan. 2,30 lebar 1,90	harga huurk. f 107	harga cont. f 80,—
No. II	„ „ 2,22 „ 2,20 „ 1,60	„ „ f 95	„ „ f 71,—
No. III	„ „ 2,15 „ 2,10 „ 1,30	„ „ f 82	„ „ f 60,—
No. IV	„ „ 2,02 „ 2,00 „ 1,15	„ „ f 70	„ „ f 52,50
No. V	„ „ 2,00 „ 1,60 „ 1,00	„ „ f 68	„ „ f 50,—
No. VI	„ „ 1,20 „ 0,80 „ 0,60	„ „	„ „ f 27,50

Tarif harga Ledikant compleet jang kwaliteit B besi 3/4 dan kain bultzak dari pikè kapoek no. II, djoega ditanggoeng kekoeatannja.

No. I	oekoeran tinggi 2,36 pan. 2,30 lebar 1,90	harga huurk. f 96	harga cont. f 70,—
No. II	„ „ 2,22 „ 2,20 „ 1,60	„ „ f 86,50	„ „ f 65,—
No. III	„ „ 2,15 „ 2,10 „ 1,30	„ „ f 73,50	„ „ f 55,—
No. IV	„ „ 2,02 „ 2,00 „ 1,15	„ „ f 61,50	„ „ f 46,—
No. V	„ „ 2,00 „ 1,60 „ 1,00	„ „ f 60,50	„ „ f 45,50
No. VI	„ „ 1,20 „ 0,80 „ 0,60	„ „	„ „ f 25,—

Djoega sedia meubel jang kwaliteitnja paling baik dan barang di saia poenja toko boleh di njatakan sendiri, tidak ada concurentie jang bisa melawan harga dan kwaliteitnja.

Hormat kita

Eig. R. A. SASTRODIHARDJO.

Boten langkoeng mangga sadèrèk R.K.D.B.èrs sami njembahjangan-aken sadèrèk kita Dahana, soepados éng-gala saras kados roemijin<sup>2</sup>, toewin sageda ngrangkoel tresna ma-lih dateng piroekoenan kita R.K.D.B. Amin.

Taklim national: Toekang sempit R. K. D. B. GOEJOEB.

**CORRESPONDENTIE.**

*Abn. 353 (Rm. P. C. Dj.)*: Pandjenengan sapoenika sampoen sah.

*C. Oentoeng. Poerwakerta*: adrès lami kados poendi? Adm.

Matoer noewoen dateng para mandjoeroeng karanan! Jèn boten wonten alangan, inggih badé kapatjak. Sampoen dados peng-galih!

Red.

**OERAP-SARI.**

**INDONESIA.**

**Kabar Wates.**

Wiwit woelan November poeni-ka ing Wates wiwit dipoenwonteni Mis Soeti kaping kalih, dawah 2de kalijan 5de Zondag (Kemis sasam-poenipoen 4de Zondag) manggèn wonten ing Standaardschool.

Moegi-moegi ing ngrika ladjeng sageda tjantjoet-kaadegan Sanggar pamoedjan.

Njoewoen pangèstoe.

(S.)

**Cursus Sekar Mardigoena (Solo).**  
Panjerat mireng wartos ingkang keng pinitados, kala malem Ngahad Kliwon ka-8/9 November kepengker poenika pr-atalan Mardigoena ngwontenaken Mo-ras (klènggan) kados adat saben, malem Ngagad Kliwon mawi njedahi para lid oetawi liding pak. sanès, kadosta: lid Kaw Kanjagan, padalangan sasaminipoen, gending ingkang kaengelaken, mender-ding ingkang awis kasrambah, ngiras mati dinten wijosanipoen Padoeka F. Kangdjeng Pangéran Harja Koesoe pangarsaning pak. Mardigoena.

Salebetipoen poenika Pangrèh Mardigoena anampèkaken pranjaka (diploma) sekar ageng dateng sadèrèk:  
1. J. Dwidjadasastra, lid pangrèh padin-tenan Mardigoena, ngrangkep Secr. Commis-sie sekar ageng.  
2. Soeparman.  
3. Th. Martasoedirdja.  
Para sadèrèk waoe sampoen loeloes exa-menipoen ingkang kawontenaken k-pinten-pinten rambahan. P.F.!!  
Tjatjahing sekar ingkang dipoen-aken ing cursus sekar jasan Ma-oetawi ingkang dipoen examenaken ageng bawa sarta tengahan sadaja 134 w (tanpa noot). Toemindaking pasinaonip ± 3 1/2 taoen pendak 1 minggoe sapis.  
Nitik nama-nama poenika, sadèrèk kit R. K. boten kantoen lan kasoepe-n ngodi dateng kagoenan Djawi (sekar). Sadèrèk R. K. sinten malih ingkang karsa noetoeti?

Toekang herlodji  
dan Toekang emas.

Adres jang  
moerah

DJOKJA BANDOENG  
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HER-  
LODJI dan PERKAKAS  
EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran

Swara Tama

dapat POTONGAN.

## AWAS!

Regi mirah ing ngandap poenika:  
Loodmenie, moerni tanpa ketjampoeran poenapa-poenapa,  
kantoen ngoesaraken kémawon:

Netto	10	5	2 1/2	1	1/2	kilo.
sa-blèg	6,—	3,20	1,75	0,75	0,40	roepijah.

Ijzermenie 85% ijzeroxidje

Netto	10	5	2 1/2	1	1/2	kilo.
sa-blèg	5,—	2,70	1,50	0,65	0,35	roepijah.

Verffabriek R. B. FRIELING Djokja.

—: HOEKHUIS GONDHOMANAN — SAJIDAN —:

## AWAS!!

ER  
CEE  
EE

# Receipt

APOTHEKEN

## Rathkamp

& Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

—: AGENT —:  
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

Speda - speda merk:

SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER.  
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.  
TOURIST: AA dan A.

Ada sedia djoega speda merk:

RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —  
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.

Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moela f 55.—, f 65.—, f 75.— dengan perkakasnja: klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak. Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk: ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.

Ada sedia djoega: Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter.

PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.  
Kalau maoe minta keterangan, akan dikirim keterangan dengan pertjoema.

Mengharap pesenan:

Rijwielhandel, Reparatie - inrichting dan Smederij:  
WIRJOSOESENA

LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

## TOKO MENANG

MADIOEN, SOLO en DJOCJA.

Selamanja sedia:

DRILL POETIH, DRILL KLEUR,

KAMHAR, LAKEN, TRICO,

TJITA - TJITA,

TOPI TOEAN, SAPOE TANGAN,

RENDA - RENDA, MINJAK WANGI,

DASI, KRAAG, KOUSEN,

dan laen - laennja.

SEMOEA BARANG BIKINAN EUROPA.

## TOKO DJOEN & CO.

TELEF. No. 374.

PATJINAN moeka Toko Fuji DJOKJA.

Amrih soekaning para lengganan,  
wiwit sapoenika kita ngwontenaken persenan.  
Sabab kantong boeboek saking Djoen wonten  
COUPON MAWI REGI.

Srana nglempakaken  
kantongan dalasan couponipoen,  
para lengganan badé angsal pépénginanipoen.  
Mangga énggal njabi moendoet!

Kita sedija:

JAVA KOFFIE No. 1	sa-pond	f 1.—
ROBUSTA "	"	" " 0.80
"	"	" " 0.70

Tanggél tanpa tjampoeran.  
Jèn badé njatakaken sadèrèngipoen kopi mlebet  
ing gilingan, kénging.

Atoer hoerमत,

Toko Djoen & Co.

### Ing gedong Volksraad. Tg. 19

Nov. ngladjengaken ngrembag bab: pènsioen kanggé randanipoen ambtenaar priboeimi; njoeda blandja lan soebsidi kanggé grija sakit partikelir; perlopan dateng mantja; ébah-ébahan ordonnantie hak-hak; tatanan rodi di tanah Sabrang; ngéwahi ordonnantie idjab.

**Ngingah tawon ing Bantoe (Ngajodja).** Sapoenika saja dipoentandangi ingkang sajektos. Sampoen angsal pambijantoenipoen para pangageng. Wonten ingkang dipoentoes dateng Keboemèn perloe njetitèkaken, kados-poendi tjarnipoen tijang ngingah tawon ing ngrika.

**K. W. lan W. K. ing Mataram.** Dèrèng lami pakempalan kekalih waoe sami damel excursie (dolan?) sesarengan dateng Soerakarta. Bidalipoen djam 8 éndjing. Saking kamirahan dalem ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soesoehoenan, K.W. lan W.K. Mataram, poenapa déné K.W. lan W.K. Soerakarta sami kapareng loemebet wonten ing Kraton. Ka-koeng-poetri kirang-langkoeng kalih atoesan. Déné agem - agemanipoen prèi (ingkang kakoeng kénging ngagem pantalon, ingkang poetri kénging ngagem rasoekan).

Wonten ing kraton sami kairid saking Tratat ngantos doemoegi Magangan, saha Pasalatan, poenapa déné minggah ing manara Sangga Boewana.

Saking Kraton K. W. lan W. K. Mataram pisahan kalijan sadèrèkipoen ing Soerakarta, ladjeng teroes dateng Museum, Sri Wedari. Saking Sri Wedari teroes dateng Partini-tuin. Kondoeripoen mampir ing tjandi Prambanan.

**Medaking tarip ANIEM ing Mataram.** Sanadjana taripipoen sampoen dipoenedakaken tjatjahing lengganan ing kampoeng-kampoeng mekados boten mindak, malah katingal ada. (Mataram).

**Pangobèngan Lasem.** Ngahad kapengker Komité Pembéla kaodem ngobèngan sampoen ngwontenaken kembang oemoem wonten ing kita em pijambak. Ingkang rawoeh sanget: tijang dalidir, wawakempalan-pakempalan detak pepak. Poenika nama mrotèst kawontenaning pangobèngan Lasem kanti keras sanget, djer ngantos datengi papanipoen pijambak!

**Prakawis ing Indramajoe.** Ing bawahan Indramajoe wonten sa-toenggiling wedana. ass. wedana lan mantri poelisi ingkang katjéng katabahan wonten ing Betawi kadakwanganiaja tijang ingkang nama Karja. Tijang poenika kintin damel reserah. Manoe tjeta saking Bandoeng Landraad Indramajoe sampoen ndawahaken poetoesan ngloewari tijang tetiga, ingkang dipoentinten toemoet-toemoet damel reserah waoe. Karja inggih katoet dipoen loewari.

Jèn pandakwanipoen dateng prijantoen tetiga kaseboet njata, badé langkoeng awrad sesanggènanipoen!

**Paos awoedjoed barang?** Ing bawahan Bandoeng kantja alit angsalipoen arta angèl sanget, ngantos wonten glagatipoen badé saos paos awoedjoed barang (in natura).

**Digoel wewah djiwanipoen.** Mitoeroet beslitipoen Goepèrmèn wonten tijang sekawan ingkang dipoen-Digoelaken malih.

**Tjabang P.A.A. Koetardjo.** Nalika dinten Ngahad tanggal 22 November 1931. ing Koetardjo wonten Openbare vergadering, kanggé ngedegaken tjabang P.A.A. Lan kalamphan sampoen madeg. Warganipoen wonten 43, wanita 20, prija 23.

Tatananing pangrèh makaten:  
Voorzitter — Me. M. Soeminah.  
Vice-Voorzitter — R. Djojosoero.  
Secretaresse I — Mej. Srijati.  
Secretaris II. — Hr. K. S. Soebroto.  
Penm.es. — Mej. C. Soedarmi.  
Comm. — 5 idji, poetri 1 ka-koeng 4.

Voorzitter lan Penningmeesters kalih-kalihipoen goeroe H. I. S. Canisius Koetardjo. Dados sadèrèk Katholik oegi ndjoendjoeng dradjading Wanita Indonesia. (T.S.).

## MANTJA NAGARI.

DJEPANG — TIONGKOK.

**Prakawis Mantsjoerij.** Doemoegi panjeratipoen pakabarane poenika dèrèng wonten tilgram satoenggala-toenggala, ingkang martosaken: „wonten bedamèn!” Malah tilgram „Iwaki” tjrijos, manawi Kwomin-tang afd. Tientsin kintoen tilgram dateng regeering Nanking, soepados ngrebata srana dedamel siti-siti gebangan Tientsin, ingkang sampoen karilakaken dateng Djepang; lan malah soepados pangrèh Tientsin sampoen dipoenalang-alangi anggènipoen damel aksi anti Djepang. Djèndral, Yen Sji Sjang lan Feng Joe Sjang badé kapasrahkan nggoehaken wadya bala ing distrik Peking lan Tientsin; mangka kalih-kalihipoen waoe ing djam perang kalijan regeering Nanking gandéng kalijan para komoenis. Jèn makaten badé dados ébah-ébahan komoenis? — Volkenbond dèrèng saged misah. Malah badé damel commissie-nitipriksa kémawon taksih mawi rëwèl. Dr. Sze, wewakilipoen Tiongkok wonten ing Volkenbond, boten poeroen rembagan bab prakawis poenika, manawi anggènipoen nge-ngebroki Djepangwonten ing Mantsjoerij sanalika dèrèng koekoet. Yoshizawa, wewakilipoen Djepang wonten ing Volkenbond, angsal djawilan saking paréntahipoen, jèn Djepang neda, soepados commissie waoe sampoen ngalang-alangi sagedipoen Djepang kalijan Tiongkok rembagan pijambakan, lan commissie waoe soepados sampoen andoe-

moek bab prakawis ébah-ébahaning wadya-bala, margi poenika kapeksa. Dados Djepang taksih ngekahi kadjengipoen roemijin: boten poeroen ngoekoet wadya balanipoen roemijin, lan rembagan kalijan Tiongkok pijambak, tanpa wonten ingkang badé tjawé-tjawé.

VATICAAN.

**Boten kendat andjamani.** Radiozender K. S. Bapa sampoen ka-goengan pijambak; lan saweg mentas-mentas poenika wewah pirantos kanggé ngintoenaken foto medal radio (radio-foto). Kanggé tjobèntjòbèn sapisanaan sampoen kalamphan kalijan Paris. Pirantos waoe pisoengsoengipoen M. Belin, sa-toenggiling tijang Prasman, toekang manggih barang warni-warni, (uitvinder) „La Croix”.

NEDERLAND.

**Ébah-ébahan nèm-nèman èstri Katoelik ing Kabiskopan Roermond.** Ing kabiskopan Haarlem, Utrecht sampoen dipoenwonteni organisasi kanggé nèm-nèman èstri Katoelik, ingkang sampoen boten sekolah lan sampoen njénging damel. Ing kabiskopan Roermond sapoenika inggih badé dipoenwonteni kados makaten. Déné ingkang kanggé oelar-oelar kados ing ngandap poenika:

Organisasi poenika kedah boten namoeng ngambah kalangan agami tok, nanging inggih kedah ngambah kalangan djasmani.

Ngrembag sadaja kabetahanipoen salah satoenggiling golongan.

Sarèhné panggoelawentah poenika wonten ing tetanggèlanipoen tijang sepoeh lan Pasamoean Soetji, organisasi waoe kedahmanoejtentoenanipoen Pasamoean Soetji. Éwasamanten dédé congregasi. Leres, kedah njaroedjoeiki srana ngindakaken tjatjahing warga saking warganipoen pijambak. Ing kalangan sosial ingkang kedah dipoenwigatosaken sanget i. p. babagan kabatosan lan kasoelasan, mesti kémawon babagan sanèsipoen boten kénging dipoenliwakan, malah inggih kedah dipoenperdi kanti gregoet.

Gesang, kabetahan, sesrawoengan lan bebajanipoen nèm-nèman èstri dradjad kaodem berah poenika béda kalijan golongan sanès. Mila organisasi poenika kedah dipoenkijambakaken. Organisasi poenika waoe dédé péranganing Jeugdorganisatie, nanging malah kapara woedjoed stand-organisatie, dedasaripoen kedah langkoeng njelaki dateng stand-organisatie tinimbang dateng Jeugd-organisatie. Mesti kémawon inggih kedah njamboet damel sesarengan kalijan Jeugdorganisatie sanèsipoen, amargi awakipoen pijambak inggih awoedjoed golongan nèm-nèman.

Organisasi waoe kedah ngwontenaken ébah-ébahan wanita nèm-nèman saèstoe, lipipoen: poen wanita boten kénging namoeng dados andahan tok. Amila kedah nomer satoenggaling ngwontenaken pemimpin èstri, ingkang kandel ka-

batosanipoen loehoer watakipoen lan tjepak seserepanipoen.

Gesang tjara Katoelik kedah soemrot malih wonten ing madyaning sesrawoengan! Sampoen ngantos kalamphan kados ing Sepanjol!

CYPRUS.

**„Katoelik” kalijan gègèran ing Cyprus.** Para maos temtoenipoen taksih émoet, manawi ing tanggal kalih dasanan Oktober ing Cyprus wiwit wonten gègèran nglawan dateng paréntah Inggris (Cyprus poenika djadjahanipoen Inggris). Gègèran poenika saking pandamelipoen tijang priboeimi, ingkang sami habasa Griek. Ingkang dados idam-idamanipoen tijang poenika, soepados Cyprus poenika kadadosna satoenggaling kalijan Griekenland. Ébah-ébahan poenika wontenipoen sampoen lami sanget. Nanging ingkang dados dadakan gègèran waoe, mitoeroet kabar saking London, i. p. proclamatie-nipoen Maha-Biskop Grieksch - Katholiek ing Cyprus, Kyrillos III, ingkang ngondang-ondangaken, jèn Cyprus kalijan Griekenland poenika namoeng moedjoedaken kradjan satoenggaling. Lan para Biskop Grieksch - Katholiek sanèsipoen kabariipoen oegi sami toemoet ngodjok-odjoki, soepados sami ambaléla dateng paréntah Inggris. Déné ingkang miwiti kita Limassol. Manoe „Hestia”, s. k. ing Athene, wonten ing satoenggiling parepatan Biskop Grieksch - Orthodox ing Larnaka ngodjok-odjoki para ingkang sami dateng, soepados atas asmaning Allah lan namaning tanah kalairan sami mangsaha joeda kanggé manoennggilaken Cyprus kalijan Griekenland. Bakda begandring ladjeng arak-arakan medal ing margimargining Limassol; ingkang nge-moedèni burgermeesteripoen kalijan Biskop Grieksch - Orthodox waoe pijambak. Nanging gègèran poenika sapoenika sampoen sirep.

Ingkang awas, para maos! Ing riki dipoenseboet Maha-Biskop lan Biskop „Grieksch - Katholiek” oetawi „Grieksch - Orthodox dados dédé „Roomsche Katholiek” oetawi jèn katjekak: „Katholiek” (Katoelik). Agami Grieksch - Katholiek oetawi Grieksch - Orthodox poenika sempalanipoen saking agami Katoelik (R. K.) Para imam Katoelik boten toemoet-toemoet! Tjéntangan poenika bokmanawi ing tembé saged wonten goenanipoen, i. p. manawi wonten tijang ingkang lelandesan pakabarane kaseboet ladjeng ngawon-awon oetawi melèh-melèhaken kadang kita Katoelik oetawi poeng-gawanipoen Pasamoean Soetji.

MEXICO.

**Calles mentjoengol malih.** Ing woelan kapengker Kabinet njoewoen kèndel, lan présidènt Ortiz Rubio inggih sampoen nglilani. Ladjeng wonten benoeman minister énggal sekawan. Calles, présidèn dongkol ing Mexico, katoet kabenoem. Para maos temtoenipoen dè-

rèng soepé, jèn tindakipoen Calles tani - clerical sanget.

BÈLGI.

**Antjer - antjering nèm-nèman Katoelik ing Bèlgi.** Wonten ing kongresipoen aksi nèm-nèman èstri Katoelik (wonten Brussel.) Ingkang Eminentie Kardinaal van Roey kabariipoen ngandikakaken antjer - antjer kanggé tindaking nèm-nèman, ingkang sampoen naté dipoenpangandikakaken déning K. S. Bapapijambak. Pangandikanipoen K. Kardinaal kénging kados makaten: tresna dateng Bèlgi Katoelik; tijang Katoelik Bèlgi sadaja kedah sadeg-sajek njamboet damel kanggé kabetahan Katoelik; ing timbangan pangaos, kaimanan Katoelik kedah dipoendamel nomer satoenggaling; ngaosi tata - tjara kasoelasan Katoelik; tansah sambet kalijan K. Biskop.

BULGARIJ.

**Sang Praboe Boris njoeda bebingahipoen.** S. Praboe Boris ing Bulgarij paring priksa dateng minister kaskaja, jèn ing djam mlesek kados makaten poenika pandjenenganipoen sampoen badé karsa njoeda bebingahipoen pijambak: roemijin f 120.000 sapoenika namoeng kantoen f 100.000. Minister kaskaja atoeer wangsoelan manawi para minister inggih badé andèrèk njoeda blandjanipoen 15%.

NOORWEGEN.

**Oegi swadeshil Saking Oslo** kawartosaken, manawi regeering ngadjak dateng para oemat Noorwegen soepados sami toembasa barang damelanipoen pijambak tok, awit ingkang moeroegaken crisis poenika sapérangan ageng margi kekatahan barang saking ngamantja.

AMERIKA SAREKAT

**Njeban encyclick S. Bapan 800.000.** Interconfessioneele Commissie kanggé noeloengi pandji klan-toeng badé njeban encyclick S. Bapan, ingkang mentas kagijaraken tjatjahipoen, 800.000. lembar; déné ingkang dados sababipoen nomer satoenggaling: margi wonten ing Nawala waoe katingal sanget gending katresnanipoen K. S. Bapa dateng kaodem berah lan anggènipoen anggali sanget dateng laré-laré. (K. W. P.)

**Noetoepe bank kémawon kok inggih ageng - agengan.** Sami sadinten (15. Oktober) ing Amerika Sarékat margi saking dajaning crisis sampoen wonten bank 26, ingkang katoetoepe. Ingkang tiga malah toenggiling sakita (Youngstown ing Ohio) lan pawitanipoen goeng-goeng kempal: 35 milijoen dollar. (De Tijd.)

SOVJET ROESLAN.

**Moscou ketelasan arta?** Sovjet Roestan kaskajanipoen oegi manggih ribered. Tandanipoen: 1) ngoedi sanget sagedipoen angsal wissel saking ngamantja (devies); 2) jèn melingaken saking mantja negari, ngoedi soepados anggènipoen mbarjar angsala inah dangoe. („Germania”).